Asistans Lajan Kach Tanporè

Asistans Lajan Kach Tanporè (TCA), ke yo rele tou Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen (TANF), bay fanmi ki pa gen gwo revni lajan pou bezwen debaz tankou manje, lwaye ak rad.

Elijibilite

Pou kalifye, ou dwe:

- Ap Viv nan Florid,
- Yon sitwayen ameriken oubyen moun ki pa sitwayen ameriken ki kalifye,
- Gen yon nimewo sekirite sosyal,
- Gen yon revni ki anba 185% Nivo Povrete Federal la,
- Gen mwens pase $2,000 nan byen,
- Gen yon timoun k ap viv avèk ou, epi
- Kolabore avèk Biwo ki Fè Respekte Pansyon Alimentè pou Timoun.

Lòt Egzijans

- Timoun ki poko gen 5 an dwe pran vaksen obligatwa yo,
- Timoun ki gen ant 6 ak 18 an dwe al lekòl.
- Adilt yo sèlman jwenn èd pou 48 mwa an total, epi
- Adilt yo dwe travay oswa enskri nan fòmasyon pwofesyonèl (sof si yo satisfè yon egzanpsyon).

TCA pou Moun k ap Bay Swen Fanmi

Fanmi ki pran swen yon timoun ki poko gen 18 an ke yon tribinal Florid mete lakay yo ka jwenn TCA si timoun nan:

- Ap viv nan Florid,
- Se yon sitwayen ameriken oswa yon moun ki pa Ameriken men ki kalifye,
- Gen yon nimewo Sekirite Sosyal,

- Gen yon revni ki pi ba pase peman TCA estanda pou gwoup laj yo a, epi
- Gen mwens pase $2,000 nan byen.

Epitou Moun kap bay swen yo dwe:

- Gen yon relasyon espesifik ak paran timoun nan,
- Kolabore avèk Ajans pou Ranfòse Pansyon Alimantè pou Timoun,
- Asire w ke timoun ki poko gen 5 an pran vaksen yo mande yo, epi
- Asire w ke timoun ki gen ant 6 ak 18 an ale lekòl.

Kijan pou aplike

Ou kapab kapab aplike sou entènèt sou sit entènèt Access Florida a.

Kijan pou Fè Apèl kont yon Refi, yon Rediksyon, oswa yon Sispansyon TCA ou a

Si yo refize, diminye, oswa sispann benefis TCA ou yo, w ap resevwa yon avi ki eksplike poukisa ak kijan pou mande yon odyans. Ou gen 90 jou pou mande yon odyans si ou kwè desizyon an pa kòrèk. Si ou t ap resevwa benefis anvan ou te resevwa avi a, fè apèl nan 10 jou pou kontinye resevwa benefis yo pandan w ap tann odyans lan.

Mande yon odyans sou entènèt oubyen pa lapòs nan adrès sa a: Seksyon Odyans Apèl, 2415 North Monroe Street, Suite 400, Tallahassee, FL 32303-4190. DCF pèmèt ou mande yon odyans pa telefòn men li pi bon pou ou fè apèl la alekri pou ou ka kenbe yon kopi kòm prèv ke ou te voye demann lan.

Yon fwa yo fin trete demann odyans ou an, ou ap resevwa yon lèt ki gen dat, lè ak kote odyans ou an ap fèt.

Additional Resources

- Fèy Enfòmasyon sou Aistans Lajan Kach Tanporè
- Plan Eta TANF Florid 2023-2026